РЦИ-АЛАНИЙЫ ГОРÆТГÆРОН РАЙОНЫ АДÆМОН ГАЗЕТ
НАРОДНАЯ ГАЗЕТА ПРИГОРОДНОГО РАЙОНА РСО-АЛАНИЯ

# ФИДИУÆГ

## ГЛАШАТАЙ

ВЫХОДИТ с 1937 года. ЧЕТВЕРГ 19 АПРЕЛЯ 2018 г. №41 (11689). Цена - 10 руб.

САНИТАРНОЕ СОСТОЯНИЕ

## ЛЮДИ, ОПОМНИТЕСЬ!

***С каждым днем все чаще задумываешься над тем, где место морально-этическим нормам поведения человека (независимо от национальной принадлежности).***

Окружающий нас мир меняется, меняются и люди. Но мы не должны расстраиваться в "человеческом муравейнике"! Мы не должны забывать безупречные нравственные и социальные стандарты поведения, отношение наших предков к окружающей среде. Это - вопросы отдельного разговора, но сегодня хотим обратить внимание уважаемого читателя, да и каждого жителя района на санитарное состояние вокруг нас. Оно далеко не безупречно.

Наступила золотая пора, она обнажила наши "красоты". А ведь все вокруг нас должно блестеть чистотой, так нет же, во многих местах - картина ужасающая. Люди, посмотрите вокруг себя, опомнитесь: соблюдайте чистоту, она - залог вашего же здоровья! Давайте не превращаться в ..., давайте останемся людьми, чистыми во всех отношениях.

**Уважаемые жители Пригородного района!**

*Редакция газеты «Фидиуæг» («Глашатай») обращается к вам с убедительной просьбой не быть равнодушными к санитарному состоянию ваших населенных пунктов.*

*Не выбрасывайте мусор в непредназначенных для этого местах, на тротуарах, дорогах...*

*Будьте благоразумны! Надеемся на ваше понимание и поддержку.*

РЕЙД

## СЫГЪДÆГДЗИНАД - ÆНÆНИЗДЗИНАДЫ ХОС



1

***Рагæй нырмæ дæр сыгъдæгдзинад æнæниздзинады хос хонынц. Æмæ уый раст у. Фыдæлтæй нын баззад: сыгъдæг хъуамæ уæм нæ хæдзæртты, кусæндæтты, улæфæн бынæтты, уынгты...***

Фæстаг рæстæг нæ районы фылдæр хъусдард цæуы хъæуты санитарон уавæрмæ. Уый тыххæй бынæттон администрацитæ афæдзы дæргъы цалдæр хатты саразынц зиуы бонтæ.

Нæ районы "Ныхас"-ы организацион структурæйы ис санитарон уавæры æмæ хæрзарæзтады комитет. Уый æрвылаздæр саразы рейдтæ хъæуты сыгъдæгдзинады фæдыл. Иу ахæм рейд уыди ивгъуыд дыццæджы. Архайдтой дзы комитеты уæнгтæ **Бæзаты Владимир, Биазырты Хъауырбег, Битеты Алихан**, ацы рæнхъыты автор æмæ районы "Ныхас"-ы сæрдар **Ходы Æхсар.**

Фыццаг бабæрæг кодтам **Сунжæйы хъæу**. Федтам сæйраг æмæ фæрсаг уынгтæ дæр, æмткæй райсгæйæ сты сыгъдæг, уæлмæрдтæ дæр - афтæ. Нæ зæрдæ барухс.

Сунжæйы сæйраг - Бибылы-фырты номыл уынджы хъæуы æнæххæст астæуккаг скъолайы ахуыргæнинæгтæ се скъоламæ æввахс сыгъдæг кодтой тротуар, бордюртæ ахуырстой (фыццаг къамы). Семæ уыдысты директор **Хуыгаты Æхсар** æмæ ахуыргæнæг **Зассеты Мурат**.

Скъоламæ æввахс Ватутины уынгыл ис донцæуæн къанау, Бибылы-фырты номыл уынгмæ кæм æрбахизы, уым. У æрдæг арæзт, æмæ уый æвидыц кæны дыууæ уынджы дæр.

Дарддæр бабæрæг кодтам **Комгæроны хъæу**. Иннæ хъæутæй хъауджыдæр Комгæрон у сыгъдæгдæр, суанг фæсвæд бынæтты дæр. Бæрæг у, ам сыгъдæгдзинады бонтæ кæй сарæзтой, уый. Сæйраг æмæ æппæт уынгтæ дæр сты æфснайд, хицæн цæрджытæ дæр сæ хъус хорз дарынц сæ хæдзæртты рæзтæм.

Хъæуы уæлмæрдты баййæфтам цæрджытæ Джыккайты Азæ æмæ Фатимæйы. Уыдон куырдтой, цæмæй газет "Фидиуæг"-ы фæрстыл бузныг зæгъæм администрацийы сæргълæууæг Туаты Олегæн æмæ, уæлмæрдтæ ныссыгъдæг кæнынып чи бакуыста, уыцы адæмæн. Зæгъынц, афтæ сыгъдæг æмæ æфснайд никуы ма уыдысты (дыккаг къам).



2

Дæрддтыл у **Камбилеевкæйы хъæу**. Ис дзы фæрсырдæм æмæ дæргъæй-дæргъмæ дæр бирæ уынгтæ. Ацыдыстæм сыл æмæ та ам дæр - сыгъдæг, æфснайд. Бынæттон администраци, скъолатæ, адæм хорз бакуыстой уæлмæрдтæ ныссыгъдæг кæнынып, йæ быру йын хуызджын ахорæнтæй сахуырстой. Хъæубæстæ сæ хъус хорз дарынц сæ хиуæтты ингæнтæм. Æрмæст раст нæу, хъæуы сæйраг уынджы фæндаджы был хæлд техникæ кæй лæзæры (æртыккаг къамы) бирæ рæстæг, уый.



3

Федтам **Куырттаты** æмæ **Дачнæйы хъæутæ** дæр. Уымыты дæр у сыгъдæг, хицæн чысыл хъуыддæгтыл куы нæ дзурæм, уæд. Фæлæ Дачнæйы хъæуы цæрæн корпусты цур калд уыд бирæ бырæттæ (цыппæрæм къамы). Хъæуы бынæттон администрацийы разамынд нын загъта, ацы бынат кæй ссыгъдæг кæндзысты.



4

Рейды архайджытæ æрцыдысты ахæм хаттдзæгмæ: æмткæй райсгæйæ цыппар хъæуы дæр хъахъхъæд цæуынц санитарон нормæтæ. Æрмæст алы хъæуы хицæн хæдзæртты раз ис арæзтадон æрмæджытæ калд.

Рейды рæстæг немæ архайдтой хъæуты бынæттон администрациты сæргълæуджытæ, иннæ кусджытæ, "Ныхас"-ты уæнгтæ æмæ ныфс бавæрдтой, дарддæр дæр кæй кусдзысты сæ хъæуты сыгъдæгдзинад æмæ хæрзарæзтадыл.

Бантысæд сын!

***ГАССИТЫ Моисей.***
***Авторы ист къамтæ.***

ВАЖНО

## ОПРОВЕРЖЕНИЕ

***В газете "Фидиуæг" ("Глашатай") от 21.02.17 г., №21 был опубликован материал, подготовленный бывшим заместителем главного редактора газеты Людмилой Джигкаевой "В колхозе "Терек" решили самый главный вопрос - кадровый" (в колхозе состоялось отчетно-выборное собрание 16.02.17 г.). Л. Джигкаева пишет, что за время правления Виктора Газзаева колхозом "...в колхозе не осталось практически никаких элементов управления, кроме земли - 430 га обрабатываемых земель, что побудило людей обратиться к уставу колхоза..." и, что "...В. Газзаева жители считают виновным в сложившейся непростой ситуации...".***

Виктор Газзаев обратился в прокуратуру Пригородного района с подробно изложенным материалом в свое оправдание и по вопросу опровержения публикации в районной газете. Прокуратурой района было рассмотрено обращение заявителя и, руководствуясь ч.2 ст.175, ст.2 и ст.213 УПК РФ, вынесло постановление о "прекращении дела №11/21696, а также уголовного преследования в отношении подозреваемого Виктора Газзаева, ранее не судимого, по основанию, предусмотренному п.2 ч.1 ст.24 УПК РФ, за отсутствием состава преступления". Кроме того, "в соответствии со ст.134 УПК РФ за В. Газзаевым признано право на реабилитацию и разъяснен ему порядок возмещения вреда, связанного с уголовным преследованием".

Согласно данному постановлению, газета сегодня опровергает сведения, не соответствующие действительности, порочащие честь и достоинство В. Газзаева, которые были распространены в районном средстве массовой информации.

Редакция газеты приносит свои извинения за принесенный моральный ущерб Виктору Алексеевичу Газзаеву.

**P.S.** ***Людмила Джигкаева с конца 2017 г. работает в республиканской газете "Северная Осетия".***

***Редакция.***

**20-21 АПРЕЛЯ В СОК им. Е.ТЕДЕЕВА (С. ОКТЯБРЬСКОЕ) ПРОЙДЕТ ОТКРЫТОЕ ПЕРВЕНСТВО ПРИГОРОДНОГО РАЙОНА ПО БОРЬБЕ ПАНКРАТИОН.**

## Уважаемые жители Пригородного района!



**21 апреля** в субботу, проводится субботник по очистке территорий населенных пунктов. Просим всех жителей принять в нем активное участие!

***Оргкомитет.***

## КО ДНЮ ПОБЕДЫ

***Уважаемые читатели!***

***Накануне 9 мая - Дня Победы советского народа над фашистской Германией - предлагаем вашему вниманию материалы из цикла "Герои Советского Союза - уроженцы Осетии". Их имена мы, от мала до велика, обязаны помнить.***

# ИССА ПЛИЕВ

***Родился 25 ноября 1903 г. в с. Старый Батакоюрт Терской области в семье крестьянина.***

В Красной Армии - с 1922 г. Во Владикавказе добровольно вступил в отряд особого назначения при особом отделе Кавказской Армии.



Окончил Ленинградскую кавалерийскую школу в 1926 г., Военную академию им. М.Фрунзе - в 1933 г., Военную академию Генерального штаба - в 1949 г. с отличием. В 1936-1938 гг. - советник в Монгольской народно-революционной армии. Участвовал в освободительном походе советских войск в Западную Белоруссию в 1939 г.

В ВОВ - с 22 июня 1941 г. На Западном фронте командовал кавалерийской дивизией, затем - корпусом; на Южном и Юго-Западном фронтах - кавалерийским корпусом; на Степном - заместитель командующего войсками фронта по кавалерии; на 3-м Украинском - командир кавалерийского корпуса; на 1-м Белорусском - командир кавалерийского корпуса; на 2-м Украинском и Забайкальском фронтах - командовал конно-механизированной группой.

Звание Героя Советского Союза генерал-лейтенанту И. Плиеву присвоено 16 апреля 1944 г. за умелое руководство действиями конно-механизированной группы при проведении Одесской операции и уничтожении южно-бугской группировки врага на 3-м Украинском фронте.

24 июня 1945 г., в день исторического Парада Победы в Москве прошагал в четких шеренгах солдат и офицеров разных фронтов по Красной площади, испытав великую гордость воина-полководца, сокрушившего врага в священной войне за независимость Родины.

С июня 1945 г. по февраль 1946 г. был командующим Группой войск Монгольской народно-революционной армии.

8 сентября 1945 г. генерал-полковник И. Плиев награжден второй медалью "Золотая Звезда" за образцовое выполнение боевых заданий командования в Маньчжурской операции советских войск.

С апреля 1958 г. - командующий войсками Северо-Кавказского военного округа.

В сложной обстановке Карибского кризиса в июле 1962 - мае 1963 г. И. Плиев был на посту командующего Группой войск на Кубе.

9 июля 1971 г. генералу армии И. Плиеву присвоено звание Героя МНР. Награжден 6 орденами Ленина, орденом Октябрьской революции, тремя орденами Красного знамени, двумя орденами Суворова I степени, орденом Кутузова I степени, многими медалями и орденами зарубежных стран.

6 февраля 1979 г. Исса Александрович ушел из жизни. Похоронен во Владикавказе на Аллее Славы Красногвардейского парка.

# МЫСÆН БОН

***Хъæубæсты нымад ацæргæ сылгоймаг, каджын къонайы цæджындз, зæронд Гыцци райсомæй йæхимæ базылд æмæ арынджы уæлхъус балæууыд - æртæ чъирийы фаг хыссæ кæны. Хуыцаумæ кувы, Зæдтæн арфæ кæны: йæ сæры хицау, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг карз тохты мæлæтæй фервæзт, цæфæй йæ райгуырæн хъæумæ сыздæхт.***

Сывæллон чызг, Гыццийы зæрдиаг хъæбул, йæ нанайы цурмæ базгъордта, хыссæйыл йæ гыццыл къухтæ авæрдта æмæ фæрсы: *"Нана, абон цы бæрæгбон у? Дадайæн кувыс æмæ кувыс..."*

Уыцы рæстæг дада та пецы сугæй арт кæны, ныхас хъусы. Саби суджы стъæлфæнæй фесхъиудта æмæ дадайыл йæхи баппæрста, йæ русæн ын аба кодта. Фæрсы йæ: "Зæгъ-ма, дада, абон цы бæрæгбон у?".

*"Дæ рынтæ бахæрон,* - дзуры зæронд лæг, - *абон Уæлахизы бон у. Байрæз мын, мæ къона, ахуыр кæн æмæ чингуыты кæсдзынæ ацы боны тыххæй..."*

Ирыстоны фæсивæд сæрыстырæй мæлæты ныхмæ æрлæууыдысты, ныппырх кодтой нæ бæстæйы хæстонтимæ иумæ цыфыддæр знаджы.

Нæ райгуырæн бæстæ фервæзт цъаммар тугдзых немыцаг фашисттæй. Хъæбатыры ном сбадти ирон лæгыл.

**Уæлахизы бонæн рох гæнæн нæй! Нæ фæсивæд, рæзгæ фæлтæр!** Аргъ кæнут фыдæлты хæстон намысæн. Хъуамæ мачи æмæ мацы ферох уа!

***ДЖÆГЪИАТЫ Виталик, Ногир.***

## СЫГЪДÆГДЗИНАД

# ИУ БИНОНТАУ, КÆРÆДЗИ ÆМБАРГÆЙÆ



Уæлмæрдтæ - раздæр

***Хъæуы аивдзинадмæ гæсгæ аргъ кæнынц цæрджытæн. Сунжæйæ Комгæронмæ цæугæйæ, цæст цы быдыртыл æххæссы, уыдон бырон æмæ хæмпæлгæрдæджы бын фесты, кæд æмæ раздæр та сæ уындæй зæрдæ ради.***

Фæрайдзастдæр ис бынæттон культурæйы артдзæсты фæзуат, фæхуыздæр Комгæроны уынгты сыгъдæгдзинад. Ацы ивддзинæдтæ, мæнмæ гæсгæ, баст сты хъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы ног сæргълæууæгимæ.

Фæстаг рæстæг егъаукæй здахы, рæзгæ фæлтæр, æппæт цæрджыты зæрдæтæм фæндаг кæй ссары.*

Тотраты Вадим йæхæдæг экскаватæрæй лæгъз кодта, уæлмæрдты бæлæстæ кæм акалдтой, уыцы фæзуат. Йæхи æмæ хъæуы хицауы номæй бузныг зæгъы, зæрдиаг фыдæбон чи бакодта сыгъдæгдзинадыл æмæ уæлмæрдты алыварс æфсæйнаг хызæй æмбонд чи сарæзта, уыцы лæпптæн: "Ныхас"-ы сæрдар **Болотаты Тенгизæн**, бынæттон администрацийы сæргълæууæджы хæдивæг **Джыгкайты Михаилæн, Цоциты Владимирæн, Персаты Альбертæн, Газзаты Сергейæн, Плиты Георгийæн, Гæззаты Солтанæн, Тотраты Эльбрусæн, Джыгкайты Олегæн, Гæбæраты Автойæн, Тотраты Аликæн, Тотраты Альбертæн, Газзаты Виталикæн, Плиты Георгийæн** æмæ иннæтæн.



Ахæм бæлæстæ уыди уæлмæрдты



ТОТРАТЫ Вадим йæ тракторыл

Ноджыдæр ма арфæйы аккаг сты хъæуккæгтæ **Джелыты Тамик** æмæ **Джиголаты Федыр**.



Æмбонд æхгæныны рæстæг

куыст цæуы уæлмæрдты хæрзвадатдзинадыл дæр. Раздæр, хъæуы бын цы уæлмæрдтæ ис, уырдæм бацæуæн нæ уыд пыхс æмæ хæмпæлгæрдæгæй, æмбонды æдде æмæ мидæгæй дæр ставд хъæддаг кæрдо бæлæстæ хæрдмæ фæцыдысты, æмæ тæссаг уыд сæ быны лæууын. Иу дзы рафæлдæхт æмæ, йæ быны цы ингæн уыд, уый ныппырх кодта.

*- Хъæуы фæсивæд администрацийы сæргълæууæг* ***Туаты Оледжы*** *фарсмæ балæууыдысты æмæ бауынаффæ кодтой, цæмæй уæлмæрдтæм базилой,* - зæгъы хъæуы цæрæг, фæсивæды активисттæй иу **Тотраты Вадим.** - *Мах арфæ кæнæм Туаты Олегæн, хъæубæсты проблемæтæм йе 'ргом*

Æмбонд арæзт æрцыд, хъæубæсты адæм цы æхцайы фæрæзтæ æрæмбырд кодтой, уыдонæй. Уæлмæрдтæм бацæуæн дуар дæр ногæй раивтой. Хъæуы цæрджытæй та чидæртæ сæ ингæнтæм базылдысты.

- Хорз уаид æмæ Комгæроны раздæры цæрджытæ - ныр æндæр рæтты чи цæры, уыдон сæ хиуæтты ингæнтæм рæстæгæй-рæстæгмæ куы зиликкой, уæд.



Уæлмæрдтæ абон

Хъæубæсты нырма хынцинаг фарстатæ бирæ ис, фæлæ махæн, цæрджытæн, кæрæдзийы æмбаргæйæ, нæ хъæуы хицау нæ сæргъы, афтæмæй нæ бон бауыдзæн сæ иуварс кæнын. Уый æнæмæнг нæ къухы бафтдзæн, иу бинонтау куы цæрæм, уæд.

***КОРТИАТЫ Æхсар.***
***Авторы ист къамтæ.***

# ЛИТЕРАТУРОН ФÆРС





## УАЛДЗÆГ

Уалдзæг æрбалæууыд,
Кæрдæг фæцъæх.

Фосы дзуг цъæх нæууыл
Хизы дзæбæх.

Сабитæ хъæуы цур
Хъазынц хъæлæй.
Алчидæр райгонд у,
Уалдзæг, дæуæй.

Мыдыбындз райхъал ис,
Агуры мыд...
Ногæй нæм хъæлдзæгæй
Уалдзæг æрцыд.

**ХАЦЫРТЫ Отар.**

## НЕ 'ГЪДАУ АЛЦÆМÆН ДÆР - БАРÆН

Куыд ис æнæ мæтæй цæрæн?
Нæй цардæн 'нæ тухи æмбарæн.
Æгуыдзæг - хуыст, æнтыст - сæрæн,
Не 'гъдау алцæмæн дæр - барæн.

Дæ мад, дæ фыды уарз æдзух.
Ныййарæг никуы уыд зын дарæн.
Дæ каст, дæ тыхстæй ма уæнт цух.
Не 'гъдау алцæмæн дæр - барæн.

Бæрзæндтæм тырн, дæ размæ кæс.
Зон аргъ дæ хистæрæн, æмгарæн!
Кæм уай, ды ма рох кæн дæ къæс.
Не 'гъдау алцæмæн дæр - барæн.

Цæттæ у алцæмæ лæгау,
Æмбар ды алкæй тыхст, æнкъарæн,
Цæмæй дæм мачи 'рхæсса фау.
Не 'гъдау алцæмæн дæр - барæн.

Знагæн ма баком сæттын,
Куы 'рцæуа иу заман æвзарæн.
Ныхкъуырд зон алкæмæн дæттын.
Не 'гъдау алцæмæн дæр - барæн.

Ирон! Иронæй макуы стыхс!
Ирон æфсарм - лæджы фæлварæн.
Фæлтау æй бамбар æмæ мыс.
Не 'гъдау алцæмæн дæр - барæн.

Нæ Ирыстон - зæдбадæн зæхх!
Хуыздæр фыдыбæстæ нæй ссарæн!
Ирон! Кæм цæрай - Ирмæ здæх.
Не 'гъдау алцæмæн дæр - барæн.

Куы сæфа не 'взаг, туг, нæ уаг,
Хъæуы нæ къуырццæвæн æмбарын.
Фыдæлты фарнæй ма суæм хъуаг!
Не 'гъдау алцæмæн дæр - барæн.

Дæ уаргъ фæхæсс рæстæй, ирон!
Нæ Ирæн бæзз салдат - быдарæн!
Дæ дзырд, ныхасæн у бæрнон.
Не 'гъдау алцæмæн дæр - барæн.

Ирон удыхъæд, удварн, цыт...
Сыгъдæгæй сæ æнæмæнг дарæм!
Сæ кой фæсарæнтæм фæцыд.
Не 'гъдау алцæмæн дæр - барæн.

Хъæуы нæ хатдзæгтæ кæнын,
Зын рæстæг иртасын, æмбарын.
Мæнг ныхæстæн фæуæд кæрон.
Не 'гъдау алцæмæн дæр - барæн.

**ХОЗИТЫ Михал,**
**Джызæл.**

## ЧЕСТЬЮ НЕ ТОРГУЮТ ГОРЦЫ

Кого, когда, в каком ауле,
В граде иль в селе каком
Горца видели в прогуле,
Если в деле нужен он?

Издевался чтоб над мертвым,
Не помог бы иль в беде,
Не ходил бы шагом твердым,
Не держался чтоб в седле?

Где, когда и кто обидел
На Кавказе без вины?
И кому у нас, кто видел,
От тоски чтоб зло чинил?

До "Чубайсов" чин какой бы
Обмануть нас так посмел? -
Был бы люд таким "спокойным",
Безразличным - глух и нем?

На Советов постоянно
Извергают пошлость - вонь
Те, кто жил при них не бедно,
Испускают мнимый стон...

И у нас - у горцев - тоже
Расчленение пошло...
Брат теперь за деньги может
Делать брату все назло...

Но твердо верю: скоро вновь
Кристальным станет горец,
Коль жизнь отдать за то готов
Священных гор питомец!

**ДЖУСОЕВ Сослан.**

## БУЛÆМÆРГЪ

Райсомæй, æхсæвы цъæхæй
Булæмæргъы зард
Фæсуры мæнæн мæ хуыссæг
Мæ цæстытæй дард.

Фæсуры йæ рис, йæ сагъæс
Зæрдæйæн æваст.
Афтæ мæм фæкæсы, цыма
Цард дзæнæт у раст.

Булæмæргъ у мæргъты паддзах,
Уадындз минмырон.
Цæй æмæ мæ зарæг æз дæр
Йемæ сиу кæнон.

**ХОСТЫХЪОТЫ Тамилæ.**

РАДЗЫРДТÆ

## СÆФТ ТЕЛЕВИЗОР РЫНЧЫН ЛÆГ

Нозтуарзаг лæг Чаро телевизормæ каст æмæ диссæгтæ фехъуыста: цæмæй дыккаг бон уай æвронг, уый тыххæй хæрын хъæуы фыдызгъæл.

Дынджыр цуайнаджы бын арт скодта, фыдызгъæл аджы ныппæрста æмæ йæ сфыхта. Фæдзырдта йæ куыдзмæ: "Кудзи, ацы аз дæу аз у, æмæ дæхи бафсад".

...Чаро аназы, дзидза ахæры, стæг та Кудзийæн аппары. Фыдызгъæлæн йе 'рдæг бахордта. Фæрасыг, аджы цур ахауд, цыдæртæ дзургæйæ бафынæй.

Кудзи дзидза бахордта, уæдæ цы. Райсомæй Чаро райхъал: ризы, сæр тъæппытæ хауы, мæлæты къахыл ныллæууыд. Йæ фарсыл хуыссы, уыны - дурын афтид, дзидза нæй, стæг дæр нæ уыны.

Кудзимæ дзуры: "Дæ сæр риссы?". Афтæ йæм фæкаст, цыма "нæ" загъта.

Кудзи цыдæртæ æхсыны, хъуыр-хъуыр кæны. Чаромæ афтæ фæкаст, цыма заргæ кæны, æмæ йæм дзуры: "Кудзи, махмæ ис сæфт телевизор. Ныр абонæй фæстæмæ ды хæрдзынæ дзидза нозтимæ, æз та стæг нозтимæ. Фенон дæ, куыд зарыс ноствæлладæй, кæннод мын мæ рыст не 'мбарыс".

***Иу бон Чаро нынцъыхта, бады æмæ хъуыды кæны: хорз хæлар кæм ссарон. Фехъуыста кæмæйдæр, арс амалджын у, зæгъгæ. Айтæ-уйтæ нал фæкодта, хъæдмæ фæраст. Иудзæвгар бауад хъæды, бафæллад, бæласы бын æрбадт, йæхи йыл бакъул кодта, æмæ тарф фынæй баци.***

Уалынмæ арс æрбацыд, басмыста Чаромæ, йæ комы тæфæй æрхауд, æмæ уайтагъд уый дæр бафынæй. Иу афон Чаро райхъал, кæсы - йæ разы йæ бæллиц - арс. Райста йæ къухмæ нозт, арсæн акуывта æмæ авджы хъуырæй анызта.

Арс куы райхъал, уæд дзуры Чаромæ: "Кувæггаг мын цæуыннæ дæттыс?". "Хъуырæй нуазгæйæ кувæггаг нæ вæййы", - йæхинымæр зæгъынмæ хъавыд Чаро, фæлæ йын хъæрæй дзырд фæцис.

Арс фæлидзæг ис. Чаро йæм хъæр кæны: "Дæ фæндагæн уæддæр акувæм. Æз хорз лæг дæн", - æппæлы йæхицæй.

*"Дæ кой дардыл хъуыст у: бынхор, магуса, нозтуарзаг, сæфт! Дæуæй хæлар чи скæна, уый йæ хæдзар фесафдзæн",* - загъта арс æмæ богъ-богъгæнгæ адард хъæды.

**ДЗÆГЪИАТЫ Виталик,**
**Ногир.**

## АЛАНТÆ

Æрвгæрæтты раджы бæхуæрдон "хæдзæртты"
Сæрибарæй хатти алайнаг мыггаг.
Уæд цъиу дæр нæ тахти фыртæссæй йæ сæрты,
Кæдæм фæнды кодта йæ балцы фæндаг.

Цы бæсты æдæрсгæ алайнаг нæ цыди -
Уыд фидар, цъæх айнæгау, тулдзау, хъæддых.
Æппæт зæххыл бонгай æнусты кæм зылди,
Нæ федта дæрддзæфмæ дæр знагæн йæ ных.

Йæ джебогъ, йæ хъама, йæ тагъд бæх - йæ хæзна,
Физонæг, бæгæны, йæ фæндыр - йæ цин.
Адджын царды бур сой уый райгæ ныуæзта,
Æгæрон быдыртæ - йæ дарæг æфсин.

Æттагон ызнæгтæн æвæрдта сæрбостæ,
Рæстæгджын æгъдæуттыл сæ кодта ифтонг.
Кæйдæр дуар йæ ехсы цæгатæй нæ хоста,
Нæ йæ тардта искæй къæбицмæ ыстонг.

Фæстагмæ нæ дзыллæ æлдæрттæй, Хуыцæуттæй
Æддагон мыггæгтæн цыдысты хъæдгæй.
Уæздан туг, æрвон цот Синайы дæлвæзтæй
Фæйнæрдæм фæцыди уылæнгæй, фæркгæй.

Ыстыхджын ис дуне, фæпайда йын уаз туг.
Æттæгуырд алайнаг ныууагъта йæ балц.
Уæлæрвты зил уарийы баивта тарф уыг,
Цыфæнды бырæг дæр у уымæн йæ хæлц.

Йæ лæгъз æвзаг фесæфтис алаг лæппуйæн,
Æцæгæлон адæмæн стыр хъан куы сси.
Къæдзæх дæр ыстондзæн, уæйыгау, æккойæ,
Нысхойдзæн дæ басы йæ чъизи куыси.

О, ариаг адæм, аланты фыдæлтæ,
Цы нæ бæсты хонынц дæ цæуæт сæхи!
Ис мины бæрц абон нæ зыххыл æвзæгтæ -
Æрмæстдæр ирон туг сыгъдæгæй дæхи.

Уадз, дзурой Иранæй, Сахарæй, Сыбырæй.
У рацæугæ иунæг уæздан гуырд ызнæм.
Дæ фæстаг цæуæттаг нæ фесæфт æмырæй -
Ныр дæр ма кæм фæнды бæрæгæй зынæм.

**БАГАТЫ Израиль, Сунжæ.**

# Объявления, реклама, сообщения

## ОКНО ОМВД

## ПОХИЩАЮТ ДЕНЬГИ ДОВЕРЧИВЫХ ГРАЖДАН




***На территории Северной Осетии зарегистрированы новые случаи завладения денежными средствами граждан обманным путем. В связи с этим сотрудники Отдела МВД России по Пригородному району усилили разъяснительную работу среди населения, чтобы обезопасить людей от преступных действий интернет- и прочих мошенников.***

Активную профилактическую работу на обслуживаемых участках проводят с жителями участковые уполномоченные полиции ОМВД. Они призывают их быть бдительными, осторожными, дабы не попасться на уловки мошенников, которые с использованием средств сотовой связи и сети интернет похищают деньги доверчивых граждан.

Как рассказал начальник ОУУП райотдела подполковник полиции **Тамерлан Сидаков**, сотрудники подразделения расклеивают в общественных местах и на банкоматах памятки с рекомендациями, следуя которым можно избежать обмана и сохранить свои деньги.

Отдел МВД России по Пригородному району обращается к гражданам с просьбой не верить сомнительным смс-сообщениям о том, что вы стали победителем лотереи, либо сообщениям из банка, присланным с незнакомых номеров. Никогда никому не сообщайте ПИН-код вашей карты, а также информацию, указанную на ней!

***Мурат ГАБАРАЕВ,***
***инспектор по связям со СМИ ОМВД России по Пригородному району.***

**ИЗВЕЩЕНИЕ О ПРОВЕДЕНИИ СОБРАНИЯ О СОГЛАСОВАНИИ МЕСТОПОЛОЖЕНИЯ ГРАНИЦ ЗЕМЕЛЬНОГО УЧАСТКА**

Кадастровым инженером Хутиевым Казбеком Юрьевичем (kadastre15@mail.ru), тел.: 8-918-828-90-15, №15-15-155) в отношении земельного участка с КН 15:08:0100105:18, расположенного по адресу: РСО-А, Пригородный р-н, с. Михайловское, ул. К.Либкнехта, 228, выполняются кадастровые работы по уточнению местоположения границы земельного участка. Заказчиками кадастровых работ являются Щербаков Александр Владимирович (доля 1/4) и Щербакова Валентина Александровна (доля 3/4), тел.: 8-963-179-88-69.

Собрание заинтересованных лиц по поводу согласования местоположения границ состоится по адресу: РСО-Алания, Пригородный р-н, с. Октябрьское, ул. Епхиева, 52 **21 мая 2018 г. в 10 часов 30 минут.**

С проектом межевого плана земельного участка можно ознакомиться по адресу: РСО-Алания, Пригородный р-н, с. Октябрьское, ул. Епхиева, 52. Обоснованные возражения относительно местоположения границ, содержащихся в проекте межевого плана, и требования о проведении согласования местоположения границ земельных участков на местности принимаются с 19 апреля 2018 г. по 6 июня 2018 г. по адресу: РСО-Алания, Пригородный р-н, с. Октябрьское, ул. Епхиева, 52.

Смежные земельные участки, с правообладателями которых требуется согласовать местоположение границ: з/участок с КН 15:08:0100105:2, расположенный в с. Михайловском, ул. Р.Люксембург, 201. При проведении согласования местоположения границ при себе необходимо иметь документ, удостоверяющий личность, а также документы о правах на земельный участок (ч. 12 ст. 39, ч. 2 ст. 40 Федерального закона от 24 июля 2007 г., №221 - ФЗ «О кадастровой деятельности»).

**Окна и двери «Фортуна»**

**Тел.:**
**8-901-497-44-22**
**8-918-826-70-98**
**8-901-497-90-85.**

**ИЗГОТОВЛЕНИЕ СТЕКЛОПАКЕТОВ**




**5000 руб.**

**Цвет:**
**- белый**
**- под дерево**

**КРЕДИТ**
(БАНК «ХОУМ КРЕДИТ») лиц. №316 от 13.03.2012 г.

**ФИРМА «КАЗБЕК»**
**ОКНА и ДВЕРИ**
**РАССРОЧКА ОТ ЦЕХА**
**На 2-ое окно - сетка**
***Тел.: 8-960-400-28-11.***

**ПРОДАЕТСЯ:** мука - в/с **«АЛАНСКАЯ».** Мука - 1 сорт **«АЛАНСКАЯ».** Прямые доставки оптом.
***Тел.: 8-928-685-43-36.***

**ТРЕБУЕТСЯ** мастер-универсал в салон на Базарной площади.
***Тел.: 8-960-403-39-00.***

**БЛОКИ, ЦЕМЕНТ:**
**- бетонные - 17 руб.;**
**- перегородочные - 13 руб.**
**Цемент М-500 - 290 руб.**
***Тел.: 8-928-066-53-08, 8-919-421-12-14.***

**ОТКАЧКА ям и туалетов.**
***Тел.:8-918-839-41-99.***

## ПРОДАЕТСЯ

✓дом в с. Восход, ул. Кулова, 15 (можно маткапиталом).
***Тел.: 8-960-404-13-55.***

✓дом в с. Сунжа, ул. Иристонская, 58.
***Тел.: 8-928-496-47-66.***

✓2-этажный дом в с. Камбилеевском, ул. Тедеева, 5.
***Тел.: 8-988-830-52-71.***

✓дом в с. Сунжа.
***Тел.: 8-928-927-36-10.***

✓дом с з/участком в с. Октябрьском, ул. Сагеева, 47.
***Тел.: 8-928-927-43-26, 8-928-860-19-66.***

✓дом.
***Тел.: 8-919-424-34-49.***

✓дом в с. Камбилеевском.
***Тел.: 8-928-498-06-40.***

✓дом в с. Сунжа, ул. Чкалова, 62.
***Тел.: 8-928-066-69-94.***

✓дом в с. Сунжа.
***Тел.: 8-928-685-34-80.***

✓дом с действующим магазином по ул. Тарская, 122. З/участок - 12 соток. Цена договорная.
***Тел.: 8-928-858-08-96.***

✓дом с з/участком - 6 соток - или **МЕНЯЮ** на дом в с. Октябрьском со своей доплатой.
***Тел.: 8-938-885-24-07.***

✓дом в с. Сунжа (Санта-Барбара).
***Тел.: 8-962-748-51-17.***

✓дом. **Цена** - 680 тыс. руб.
***Тел.: 8-928-482-12-94, 2-11-62.***

✓2-этажный дом - 220 кв.м. - без ремонта в центре с. Октябрьского. Можно в аренду.
***Тел.: 8-961-825-62-83.***

✓2-комнатная квартира без отделочных работ в с. Октябрьском, ул. П.Тедеева, 107 «г».
***Тел.: 8-906-495-75-36.***

✓1-комнатная и 2-комнатная квартиры с мебелью и ремонтом в с. Ир, ул. Ф.Кастро, 6. Цены договорные.
***Тел.: 8-918-831-29-16.***

✓2-комнатная квартира на 2 этаже кирпичного дома в с. Октябрьском, ул. П.Тедеева, 123. Евроремонт, гараж, подвал. Вся мебель остается. Рассмотрим все виды ипотеки. Цена - при осмотре. Торг.
***Тел.: 8-938-884-29-64.***

✓2-комнатная квартира на 4 этаже 5-этажного дома в с. Октябрьском.
***Тел.: 8-988-873-22-06.***

✓3-комнатная квартира на 4 этаже в с. Октябрьском.
***Тел.: 8-928-932-67-16.***

✓1-комнатная квартира на 5 этаже в с. Октябрьском, ул. Маяковского, 92, кв. 35. **Цена** - 1 млн 300 тыс. руб.
***Приходить после 18:00.***

✓1-комнатная квартира в с. Октябрьском.
***Тел.: 8-928-487-86-31, 8-928-486-74-53, 2-11-57.***

✓з/участок в с. Михайловском.
***Тел.: 8-989-744-06-07.***

✓з/участок - 16 соток - в с. Ир, ул. Зеленая.
***Тел.: 8-928-685-78-75.***

✓з/участок - 15 соток - в с. Сунжа, ул. Матросова, 9.
***Тел.: 8-985-971-16-72.***

✓з/участок - 10 соток - в с. Сунжа, ул. Пушкина, 16.
***Тел.: 8-988-876-21-68.***

✓з/участок - 12 соток - в с. Тарском.
***Тел.: 8-928-481-03-42.***

✓з/участки в с. Восход: 0,5 соток - 180 тыс. руб.; 0,10 соток - 350 тыс. руб. (приватизирован).
***Тел.: 8-928-688-13-93.***

✓з/участок - 40 соток - под фермерское хозяйство или под базу отдыха в с. Тарском. Цена договорная. Возможен обмен на машину.
***Тел.: 8-909-475-61-80.***

✓лимонадный цех в с. Сунжа, ул. Чкалова, 46.
***Тел.: 8-928-856-13-30.***

✓нежилое помещение - 23 кв.м. Цена - 1 млн 200 тыс. руб.
***Тел.: 8-928-491-11-62, 8-960-404-68-97.***

✓семенной картофель.
***Тел.: 8-928-935-91-86.***

✓дойная корова и 2 телки (1,5 мес.).
***Тел.: 8-918-831-73-14.***

✓свиньи английской породы.
***Тел.: 8-963-176-55-51.***

## РАЗНОЕ

✓**ПРЕДПРИЯТИЮ ТРЕБУЮТСЯ:** начальник КИПиА, токарь, слесарь.
***Тел.: 8(8672)63-05-97, 8-919-420-02-66.***

✓**ИЗГОТАВЛИВАЮ** ворота, входные двери, лексан. Быстро, качественно; недорого. Установка - бесплатно.
***Тел.: 8-928-859-80-99, 8-928-487-86-31, 2-11-57.***

✓**ВОЗЬМУ** деньги под проценты.
***Тел.: 8-928-487-86-31.***

✓**САНТЕХНИЧЕСКИЕ** работы. Можно в кредит, рассрочку.
***Тел.: 8-919-420-89-95.***

✓**СДАЕТСЯ** на длительный срок 1,5-комнатная квартира в центре с. Октябрьского.
***Тел.: 8-906-494-17-44.***

✓**СДАЕТСЯ** 1-комнатная квартира в с. Октябрьском.
***Тел.: 8-988-836-95-65.***

✓**СБОРКА,** ремонт, реставрация мебели. Установка дверей.
***Тел.: 8-963-179-10-18.***

✓**ТРЕБУЕТСЯ** оператор (до 35 лет) в букмекерскую контору.
***Тел.: 8-988-837-05-24.***

✓**КОПКА** огородов мотоблоком. Покос травы. Спил деревьев.
***Тел.: 8-928-933-61-64.***

✓**КРОВЕЛЬНЫЕ** и сварочные работы.
***Тел.: 8-906-494-90-03.***

✓**В** магазин «**HUMANA**» по ул. Пожарского в г. Владикавказе **ТРЕБУЕТСЯ** продавец-консультант.
***Тел.: 76-85-23.***

✓**КОМПЬЮТЕРНАЯ** помощь: ремонт компьютеров и ноутбуков. Выезд мастера на дом.
***Тел.: 8-988-878-37-19.***

✓**МАСТЕР** по вагонке.
***Тел.: 8-988-162-14-11.***

✓**МАСТЕР** по кровле.
***Тел.: 8-989-039-33-69.***

✓**КЛАДБИЩЕНСКИЕ** работы.
***Тел.: 8-928-855-09-06.***

✓**ВСЕ ВИДЫ СТРОИТЕЛЬНЫХ РАБОТ**: отделка, плитка, гипсокартон, штукатурка, декоративные работы и т.д.
***Тел.: 8-928-928-86-75.***

✓**СТРОИТЕЛЬНЫЕ** работы: штукатурка, шпаклевка, откосы, блочная кладка, обои, стяжка.
***Тел.: 8-988-819-88-48.***

✓**КУЛЬТИВАЦИЯ** мотоблоком, обрезка и спил деревьев.
***Тел.: 8-928-069-64-61.***

✓**ИЗГОТОВЛЕНИЕ** деревянных дверей **(липа).** Без покраски - 6000 руб./кв.м., с покраской - 8000 руб./кв.м. Фото - в одноклассниках - **Мераб Двери.**
***Тел.: 8-928-498-22-58.***

✓**ТРЕБУЕТСЯ** мучница.
***Тел.: 8-989-744-10-28.***

✓**ПАШУ** огороды японским мотоблоком.
***Тел.: 8-960-406-66-32 (Алан).***

✓**КУПЛЮ** 20- и 50-литровые баллоны в комплекте. **Цена** - 350 и 1000 руб.
***Тел.: 8-960-402-52-82.***

✓**ЦЕМЕНТ** оптом;
**- ТРЕБУЕТСЯ** водитель.
***Тел.: 8-909-476-82-72.***

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ КРУГЛОСУТОЧНО**

**РИТУАЛЬНЫЕ УСЛУГИ. КАТАФАЛК.**
***Тел.: 8-928-065-20-00 (Алла), 8-928-930-03-86 (Рая) п. Заводской.***

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**

**24 часа. Женская бригада. Доставка ритуальных принадлежностей. Катафалк. Дудук. Оркестр. Перевозки по России и зарубежью. Все виды туалетных услуг.**
***Тел.: 8-928-927-38-03.***
**НЕДОРОГО. ЭММА.**
**Качество работы гарантируем.**

Коллектив Управления образования, РК Профсоюза и руководители образовательных учреждений Пригородного района выражают глубокое соболезнование заведующей МБДОУ "Детский сад №2 с. Сунжа" М.Г. Хугаевой по поводу скоропостижной кончины супруга
**ГАБУЕВА Гамлета Тасолтановича.**

Администрация Сунженского сельского поселения и работники ДК выражают глубокое соболезнование заведующей МБДОУ "Детский сад №2 с. Сунжа" М.Г. Хугаевой по поводу скоропостижной кончины супруга
**ГАБУЕВА Гамлета Тасолтановича.**

Коллектив МБДОУ «Детский сад №5 с. Сунжа» выражает глубокое соболезнование заведующей МБДОУ "Детский сад №2 с. Сунжа" М.Г. Хугаевой по поводу скоропостижной кончины супруга
**ГАБУЕВА Гамлета Тасолтановича.**

Коллектив МБДОУ «Детский сад №2 с. Сунжа» выражает глубокое соболезнование семье **ГАБУЕВЫХ** по поводу скоропостижной кончины сотрудника
**ГАБУЕВА Гамлета Тасолтановича.**

Фидиуæг
Главный редактор: ДЗЕБОЕВА Р.С.

**УЧРЕДИТЕЛЬ: администрация местного самоуправления муниципального образования – Пригородный район, с. Октябрьское, ул. Павла Тедеева, 129.**
**Газета зарегистрирована 21 июня 2012 года в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания. Регистрационный номер ПИ №ТУ 15-00074.**
АДРЕС РЕДАКЦИИ И ИЗДАТЕЛЯ: **363100, с. Камбилеевское Пригородного района Республики Северная Осетия-Алания, ул. Юрия Кучиева, 4.**
Время подписания в печать 17 ч. Фактически в 16.15. 6+

ТЕЛЕФОНЫ: гл.редактор - 2-17-52; зам. гл. редактора, ответ. секретарь - 2-10-03; отделы - 2-21-82; 2-31-52; бухгалтерия - 2-31-52, отдел рекламы и объявлений - 2-24-16; факс - 8(86738) 2-13-38.
Газета выходит 3 раза в неделю (вторник, четверг, суббота), 156 раз в год. Издается на осетинском и русском языках.
E-mail: fidiuag@mail.ru; fidiuag-g@rambler.ru.

За содержание материалов и рекламы ответственность несут авторы. Тираж 3231 экз. Заказ №458. Индекс 362015. Печать офсетная. Типография: АО «Осетия-полиграфсервис», адрес типографии: РСО-А, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.